2012 Къеблагъэ, ИлъэсыщIэ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№250 (21.158) ● 2011 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 31, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

№89

Адыгэ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и

ИлъэсыщIэ хъуэхъу

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си ныбжьэгъу лъапIэхэ!

2012 ИлъэсыщIэр къэблагъэ-пащ. А гуфIэгъуэ зэманым дэ тщыщ дэтхэнэри къэдух илъэсым хуоплъэкIыж, абы гуфIэгъуэуи гуаузуи хэлъаахэр игу къигъэкIыжу.

Къэдух илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм аргуэру зэ кьиргъэлъэгъуащ Урысей Федерацэм и субъектхэу щэщIыкIэ зызыужьхэм хуэфащэу зэрахэтыр. ДызыхуэкIуэ зэманми дэ ди мурадщ республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр кьызэтедмыгъэувыIэныным къыщымынэу, ар нэхъри щIэдгъэхуэбжьэну. Макроэкономикэ бжыгъэхэм фIэкIа кьуымыщтэми, зэкIэ абыхэм кьызэрагъэлъагъуэмкIэ, экономикэм зеужь. Псалъэм папщIэ, валовэ щыналъэ продуктыр сом мелард 82-м нэсынущ, нэгъабэ елъытауэ сом мелард 9-кIэ нэхьыбэу щытынущ. Республикэр дотацэхэм зэрелытар процент 48-м нэсу ехащ.

Къэрал инвестицэ политикэм хиубыдэ Iуэхуэхэр зэрагъэзэщIам и фIыщIэкIэ, республикэм щылажьэ предприятэхэр кьызэрагъэщIэрэщIэжам кьыдэкIуэу, щIэуэ производствэ зыбжанэ кьызэIуахащ. УФ-м ЩIыналъэхэм зегъэужьнынымкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэрым бгъэдэкI заявкэр 12 щIыIэщи, абыхэм ящыщу 9-м хэлъэри кьащтащ. А проектхэр гъэзэщIэным хиубыдэу лэжьапIэ Iэнатlэщ1эу мини 7-м нэс кьызэрагъэпэщынущ. Ауэ дэ абдежи кьыхъщыуВыIэну ди мурадкъым!

Дызэрыт илъэсым зэхалъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэситхукIэ зэрызиужьыну социально-экономикэ программэ. Абы хиубыдэу районхэм щыIэ курыт еджапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, кьуажэ амбулаторэхэмрэ район сымаджэщхэмрэ, спорт комплексхэр зэрагъэпэщыжынущ, республикэм и гъэзэгу хозяйствэм зрагъэужьыну я мурадщ.

Сыт щыгъуи хуэдэу гулъытэщхуэ хуащI физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным. Iофыгъо ирихьэлIэу хабзэу зэтеуващ республикэм уплесипсо, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ спорт Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщызэгъэпэщыныр. Зэман-зэманкIэрэ спорт комплексхэр кьызэIуах, футбол джэгупIэхэр ящхуэ. 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм дэ текIуэныгъэ хьэлэмэтхэмкIэ дагъэгугIащ. Ди спортсменхэм Кавказ Джэгухэм кьыщахьа текIуэныгъэ гъэзэщIэм дэ хуитыныгъэ кьыдитащ а фестивалыр гъэ кьакIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щедгъэкIуэкIыну. Щэн кьытесхьэркъым абы республикэм и цIэр зэрилъытыжу. Цыхуэхэр зэригъэгуфIэн, я гукъыдэжым зэрыхигъахьуэм.

Иджыпэ экономикэм и Iэнатlэ нэсу увын хуэдэу республикэм туризмым зыщIегъэужьыным псоми наIуэ ящищынущ зыщIыбгъэпсэхуну, уэзнщагъэ щебгъэфIэкIуэну, щыбгъэбыдэну Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэр зэрыщытыр. Дэ ди мурадщ ди дежи щыIэ бгы-лъэжь комплексыр дунейпсо мардэхэм къезэгъ курорт тщIыну, абы папщIэ инвестицэ инхэр кьызэщIэгъэуIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэм пытщэну.

Мыхьэнэ хэха сыт щыгъуи иIащ, иджыри иIэщ жылагъуэ политикэ Iуэхуэхэр дэгъэкIыным. Псом япэу зи гугъу сщIыр цIыхубэм властым хуащI дзыхьыр гъэбыдэныр. Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, 2011 гъэр жылагъуэ зэпсэльэныгъэ жыджэрхэм я илъэсу къэплъытэ хъунущ. Дэ жылагъуэ, дин зэгухъэныгъэхэм быдэу дапыщIауэ щытащ, цIыхухэм дахуэзащ, щIалэгъуалэм дадэлэжьащ.

ФокIадэ мазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым игъэлъэпIащ IалъэI гъэзэщIэ - республикэм и къэралыгъэр илъэс 90 зэрырикъур. А махуэм ирихьэлIэу сымаджэщым лъхугъэхэмкIэ и къудамэр, еджакIуэ 660-рэ зэкIуэлIэн школ, спорт комплекс, кьалэм кьыпэзыкIыхь автомобиль гъэгугIэр кьызэIуахащ, Музыкэ театрыр зэгъэпэщыжын яухащ, дин еджапIэ центрым и лъабжьэр ягъэтIылъащ. Ди цIыхухэмрэ республикэм и хьэщIхэмрэ папщIэ урысей, нэгъуэщI къэрал артист цIэрыIуэхэр хэту гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр ирагъэкIуэкIащ.

Иджыблагъэ икъукIэ зэщIегъэуIуэу ди деж щекIуэкIащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и VI зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хэхыныр. Зэи къэмыхъуауэ, Урысей Парламентым и ищхъэрэ палатэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкIынымкIэ жэуапныныгъэшхуэ зыпылъ кьалэн кьабгъэдэхуэ.

КIэщIу зэхэтмэ, фIыуэ щыIар щащIэкъым. Ауэ нэхъ гъэщIагъэныжу щытынущ дызыхьыхьэ илъэсыр. ФокIадэ мазэм илъэс 455-рэ ирокъу ди республикэр Урысей къэралыгъэм зэрыкьыхьэрэ. Урысейм хэту IэщIыгъуэ 5-м нэблагъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьикIуа гъэзэгуанэр щыхьэт тохъуэ абы Кавказым увыIпIэ хэха зэрыщIыгъым икIи республикэм и лъэпкьхэр псэемыблэжу Хэкум зэрыхуэлэжьар кьеГъэльагъуэ.

Ауэ дызыхьэ илъэсым нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу щытыну кьыщIэкIынущ Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыныр. Абы хэтынкIэ дэ псоми ди гражданкъэ ящIэ. Абы щыгъуэ дэ кьэтщтэну унафэм елъытауэ щытынущ дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и кьэкIуэнур, къэралым и кьэкIуэнур.

Сыт хуэдэ гугъуехьэр кьыкъуэмыкIми, дэ ахэр кьызэдэнэкIынущ. Абы папщIэ республикэм и властхэм яхуэофIэкI псори ялэжьынущ. Щэч кьытесхьэркъым цIыхум кьыпэрыуэ щымыIэу и гъащIэр щиубзыхуф, унагъуэм сабийхэр щифIыф иджырей Къэбэрдей-Балъкъэр зэман гъунэгъу дыдэм къриубыдэу зэрызэтеувынум, жылагъуэмрэ властымрэ зэлэжьэгъу нэс зэрызэхуэхъунум.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ, жылагъуэр гуэрхэр уигу иплъхьэнымкIэ нэхъ зэмаиуфI дыдэр илъэсыщIэ жэщырщ. Си гурылъ псори кьывэхъулIэну, фэ фщыщ дэтхэнэми мамырыгъэ, фIыгъуэ, уэныжьгъэ быда фиIэну си гуапэщ. НасыпыфIэ фихъу!

Илъэсыщ1эмкIэ сныновэхъэхъу!

Хлопонин Александр ИлъэсыщIэм ирихьэлIэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым исхэм

ЗЭРЕХЬУЭХЪУР

КАВКАЗ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыпсэуэ-хэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Къэунэху Илъэсыщ1эмкIэ сныновэхъэхъу.

БлэкIа илъэсым кьрикIуахэм ущыхэпIэжкIэ щэч кьытумыхьэжу жыпIэ хъунущ - дэ псори дыз1эрыпэгэн, ди щхьэ тетIъхьэжьын фIыщIэ диIэщ.

Нэхьыщхьэр арщи, дэ Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэр щытхъуащ икIи щыдгъэбыдащ. Iуэху нэхъ гугъу дыдэхэр дэгъэкIынымкIэ апэкIэ дыкIуэтащ.

Дэ экономикэм и дежкIэ мыхьэнэ зиIэ проект зыбжанэ дгъэзащIэу щIэддзащ. «Архыз» курортым, «Минеральные Воды» аэропортым кьадэкIуэу абыхэм жубыдэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псоми щащI предприятэ инхэр. Дэ округым и щIыналъэм и Iыхьэщхэм хьэрычэт Iуэху мыиным зегъэужьнынымкIэ, цIыхухэм я щхьэр зэрапIыжьын Iуэхуэхэр ирагъэжьынмкIэ Iэмалхэр зэхущытыдэгъэпэщащ икIи абыхэм я фIыщIэкIэ цIыху минипщIхэм щылэжьэн Iэнатlэ кьаГъуэтащ. Лэжьыгъэ нэскIэ гъэнщIа хъуащ граждан жылагъуэм и Iуэхущапэ1эщIэхэр - Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Жылагъуэ советыр, ЩIалэгъуалэм я кавказпсо альянсыр.

Куэд зэфIагъэкIащ щэнхабзэ, дин зэдэлэжьныгъэр щIэтъхуэбжьэным и лъэныкъуэкIэ. Дэ инэжьпIэкIэ нэрылъагъу тщыхъуащ псоми я зэхуэдэ фIыгъуэхэр, гущIэгъуэр, цIыхум пщIэ хуэщIыныр и лъабжьэу лъэныкъуэхэр щызэпсалъэм и деж куэд зэрыпхъуэфIэкIыныр.

Пэжщ, кьызэдэнэкI илъэсым гугъуехь пыухьыкIа-хэр кьыкъуэмыкIыу кьэнакьым. Ауэ гъащIэ жыхуэIэр аращи, гуфIэгъуэри гукъуэгри зэщIыгъуц.

ИкъукIэ си гуапэщ, си хэкуэгъу лъапIэхэ,efIэкIуэныгъэрэ насыпрэ фиIэну. Дызыхьыхь илъэсым фи щхьэкIэ, фи Iуэхуэ, нэхъыщхьэр арщи - нысашэм, Урысеим и цIыху ныбжьыщIэ къызэрыфхэхъуам ехьэлIауэ фи унагъуэкIэ фызыщыгуфIыкIын Iуэху куэд къыфхудрекIуэ. МахуэшхуэмкIэ сныновэхъуэхъу!

ПщIэ хьыфхуэзыщI,

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ охъуным щыIэ **ХЛОПОНИН Александр.**

Адыгэ (шэрджэс) зэгухьэныгъэхэм Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭР

СИРИЕ Хьэрып Республикэм щыIэ политикэ щытыкIэр зэрызэщIэплъам кьыхэкIыу абы щыпсэу ди лъэпкьэгъуэхэм Урысей Федерацэм и Президентым зыкьыхуагъэзащ ядэIэпыкъуну кьелъэIуу. Абыхэм кьатх я Iуэхур икъукIэ зэрыхьэлъэр, езыхэм я гъащIэм, я Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ я гъащIэм зэрытешныныхьыр. «Ди цIыхубэм я дежкIэ икъукIэ хьэлъэ мы лъэхъэнэм дэ кьытщхьэщыжыну дельэIуу зызыхуэдгъэзэну щыIэр Урысей Федерацэрщ, Урысейм хэт ди республикэхэрщ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу ди куэдщхэмрэ ди шыпхъухэмрэщ. Дэ ди хьэпсапIэ нэхьыщхьэ дыдэр ди адэжь щIыналъэм дгъэзэжу Урысейм и лъэпкьхэм Кавказ Ищхъэрэм ис ди куэдщхэмрэ ди шыпхъухэмрэ мамыру икIи дызэгурыIуэу дадэпсэунырщ», - итщ тхыгъэм. Сирием иц адыгэхэр щIолъэIу «я адэжь щIыналъэм кьрагъэблэгъэжьну, гуэзвэгъуэм кьрагъэлъну».

Адыгэхэм фIыщIэ ин ящIу ягу кьагъэкIыж Косовэ щIыналъэм щекIуэкIа зауэм хэхуа ди лъэпкьгъуэхэр 1998 гъэм зэрыIыгъыу Урысей Федерацэм адэжь щIыналъэм кьигъэIэпхъуэжауэ зэрыщытар.

А псори кьалытэри, Урысей Федерацэм щыIэ адыгэ (шэрджэс) зэгухьэныгъэхэм УФ-м и Президент Медведев Дмитрий зыхуагъэзащ Сирием ис ди лъэпкьэгъуэхэр гуэзвэгъуэм кьыхэщыным гулъытэ хуищIыну елъэIуу.

Тхыгъэм Iэ щIадзащ КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ ***ХьэфIыщIэ Мухьэмэд****, Адыгэ Республикэм и «Адыгэ Хасэ-Шэрджэс парламент» жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм и тхьэмадэ* ***Хьэпай Iрамбий****, Къэршей-Шэрджэс Республикэм и «Адыгэ Хасэ-Шэрджэс парламент» жылагъуэ зэщIэхъеныгъэм и тхьэмадэ* ***Шэрджэс Мухьэмэд****, КъБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэхуэсыгъуэ советым и тхьэмадэ* ***Къалмыкъ Жылэбий****, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ* ***Уэхъутэ Александр****, нэгъуэщIхэми.*

Армэм и генералым Налшык щызэхуешэс

● Хъыбар гуапэ



Нургалиев Рашидрэ Васильев Сергейрэ.

Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министр, армэм и генерал Нургалиев Рашид КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIхэр дыгъуасэ Налшык щызэхуиIэсащ. Абы къыщапщытащ террорист, экстремист щынагъуэр гъэмэщIэнымкIэ зэфIагъэкI Iуэхугъуэхэм къарикIуэхэр.

- КАВКАЗ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щыщыIэ щытыкIэр къызэрыгуэкIкъым, - къыхигъэщащ министрым. - УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къалэн къытщищIащ Урысейм и цIыхухэр терроризмымрэ экстремизмымрэ сыт и лъэныкъуэкIи щытхъу-мэну, кьаразыр и шынагъуэншагъэр къызэдгъэпэщыну. Кавказ Ищхъэрэм и экономикэм псынщIэу зэрызиужьыр, къэрал властыр кIуэ пэ-ти нэхъ лъэщ зэрыхъур, жылагъуэм и граждан ухуэкIэр зэрефIакIуэр зигу темыхуэ куэд щыIэщ. Ахэр хущIокъу къэралыр зэхагъэщэщэжыну, щытыкIэр нэхъри лъэпкъыгъэпэмэ.

Террористымрэ экстремизмымрэ къызэтегъэувыIэным, абыхэм ящIэтыным теухуауэ зэтеспэлъхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщI Васильев Сергей.

Нургалиевым Налшык щригъэкIуэкIа зэIущIэм хуэфащэ унафэхэр кьыщащтащ, я кьуалыкъум къыщыхэжаныкIахэм къэрал дамыгъэхэр щратащ.

ХЬЭТАУ Исльам.

Суэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЗэфIэкI зиIэ еджакIуэхэр ягъэгушхуэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэувА ИлъэсыщIэ псейм ирагъэблэгъащ класс нэхъыжьхэм щеджэхэу зэфIэкI лъагэхэр зиIэхэм ящыщ ныбжьыщIи 120-рэ. Ныбжьыщ1эхэм я1ущIаш КъБР-м и Правит ельствэм и Унафэщ1 Гергер Иванрэ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбинрэ.

ГЕРТЕР Иван илъэсыщIэ махуэшхуэ кьэблэгъэмкIэ ныбжьыщIэхэм ехьэхуэрыи, кьыхигъэщащ: «КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен сытыми щыгъуи гулъытэ яхуэщI щIалэгъуалэм, абыхэм я кьэкIуэнур дахэ ищIыным хущIокIу. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, хамэ къэрал щыIэ еджапIэхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну абыхэм Iэмал зэраритыр, ахэр лэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэща хьуным зэрелаIэр, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр зэригъэпажэр. Фэрадэ кьэкIуэнур зыхуэдэнур зэлъытар, абы кьыхэкIыун фи щIэныгъэр, зэфIэкIыр республикэм и зэIузэпэщ псэукIэм хуэвгъэлэжьэну дыфщогугъу».

Республикэ унафэщIхэм апхуэдэ гулъытэ кьызэрыхуаущIар я гуапэ зэрыхъуар кьыхагъэщу кьызэлъащI ныбжьыщIэхэри. Налшык къалэ дэт курыт школ №18-м щIэс еджакIуэхэм щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ я республикэ центрым и гъэсэн, еплIанэ Урысейпсо щIалэгъуалэ конвентым хэта Мокаевэ Алисэ жиIащ республикэм щыщу а зэхьыхьэм зэхэта зыми я лъэхъэм и щIыхьэр зэрахьэмар икIи дяпэкIи щIыналъэр зэрыгушхуэн текIуэныгъэ куэд кьызэрыхуахьынур кьыхигъэщащ.

- КъБР-м и Правительствэм и Унэм щагъэувА ИлъэсыщIэ псейм иращIыкI махуэшхуэм хэтыныр дэтхэнэ ныбжьыщIэми и хъэзэпсапIэщ икIи еджаным екъуIэнныгъэ нэхъыбэ щызыщIэрыдгъэхьэным абыи куэдкIэ дытрегъэгушхуэ, - жиIащ Къубэ-Тэбэ дэт курыт школ №1-м и еджакIуэ, «Гъгъэджэныгъэ. ЩIэныгъэ. Щэнхабзэ» урысейпсо конференцым кьыщыхэжаныкIа Бекъан Заремэ. - Дэ псоми фIы дыдэу кьыдгуроIуэ нобэ зэдгъэлъагъуэт щIэныгъэм, кьыхэтх ЕщIагъэм республикэм и кьэкIуэнур зэрелытар икIи дэ кьытхуащIа дзыхьыр дгъэпэжьынмкIэ тхуэзэфIэкI кьэдгъэнэнкъым.

КъБР-м и Президентым кьыбгъэдэкI саугъэтхэр еджакIуэхэм ирата1ащ, езы ныбжьыщIэхэмрэ республикэ Унафэщ1ым тыгъэ хуащIащ езыхэм я Iэнкl я агъэхьэзыра хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр.

ИлъэсыщIэ псейм кьахуеблэгъат Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ, ахэр еджакIуэхэм ехьэхуэращ гъэ зытехьэр уэныщагъэ яIэу, гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я бэу ирахьэкIыну.

Зэ1ущIэр я1эдэхащ республикэм и артист ныбжьыщIэхэм.

КIУЖ Иннэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и бжьыхьэ сессиер гуфIэгъуэ Iуэхуэкl э зэхуащIыжащ - республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхьыщхьэм и щIыхь тхылъхэр зыхуэфащэхэм ратащ.

ПАРЛАМЕНТЫМ и Унафэщ1 Чеченов Ануар апхуэдэ пщIэ зыхуащIахэм ехьэхуэхуащ икIи фIыщIэ яхуищащ хьэпэ-лу зэрылажьэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и социальнэ зыужьныныгъэм къаруушхуэ зэрырахьэлIэм папщIэ. Парламентым и щIыхь тхылъыр а махуэм ираташ егъэджакIуэ у, юристу жылагъуэ, къэрал лэжьакIу эу, дохутыру, журналистку цIыху 36-м.

Чеченов Ануар быдэу жиIащ ди республикэм исхэм я лэжьыгъэм КъБР-м и Парламентым дяпэкIи хуэфэщэн гулъытэ зэрыхуищIынур. Спикерыр кьызэхуэсахэм Илъэсыщ1эм ирихьэлIэу ехьэхуэхуащ узынщагъэ быдэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну, дыщIалъхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и фIыгъуэр гъэбелъгъуэным хуэунэтIа Iуэхущ1эхэр кьехьулIэну.

УРЫСАМБЭТ Баллэ.

Парламентым и щIыхь тхылъхэр зыхуэфащэхэм ират

Къосыр уэс

ЩIымахуэщ. Къосыр хуэму уэс.
ЗыхэсщIэу хъуащ нэхъ щIыIэ.
БлэкIащ иджыри зы илъэс
Къэзмыщ1эу сыздэщыIэр.
Сэ здахъым дыгъэ къызатар
Къэсщтэн. Ар зэзмыпэсу,
Сыхэтщ къэзмыщIэу мыл къутам,
МэткIуэ гупсысэр уэсу.
Зы гъэм гухэдъ мениц схэщIащ,
Арщ пкъыр щIэхъуар нэхъ псынщIэ.
Уэрамым кIыхьу зишэщIащ,
Къызоджэ Илъэсыщ1эр!
Къызоплъыр псэным хуэдэу псейр,
ПщIыпщI ешэкIам итхьэлэу.
СыхуеплъэкIыху псэр мэхъу нэпсей,
Къэсщтащ хъуэпсэныр хьэлу.
ТIэкIу езэшауэ къызбгъурысщ
Сабийхэм я Уэс Дадэр...
Здежьам нэсынухэр зырызщ -
ЩIаIэт гъуэгу щхьэIум фадэр.
Сахуоэз куэдым. Куэди эблокI,
Къэзмыщ1эу я щIэр, уеблэм
Сыдыхьэшхыни куэдрэ слъокI,
Зыкъысщыхьужу делэ.
Мы дунеишхуэм сыт щылей?
Сыт хуэдэри тозагъэ:
ТхьэмыщкIэ, тIэкIу нэхъ хуэкъулей,
Пащтыхь, абы и благъэ.
ЩохьущIэ псори щIы хъурейм,
Дэтхэнэри мэхъуапсэ.
СфIакIэльыIэбэу сысымейм,
Гухэлъхэри мэкIуасэ.

КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Марьянэ.

Дэтхэнэ унагъуэри фIым щогугъ - Тхьэм Илъэсыщ1эм насып къарит!

● Псалэ

Махуэшхуэ таурыхъ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Хлопонин Александр и нэIэ тету ирагъэкIуэкI «ИлъэсыщIэм и хуабэр» псапащIэ лэжьыгъэм хиубыдэу КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм Зеикъуэ къуажэм дэт интернат-школым и сабийхэм я нэгу зригъэужьащ.

Министр Хьэжкрокъуэ Сультlан и жэрдэмкIэ, таурыхъэм хэт лIыхъужьхэм я ролхэр ягъэзэщIащ министерствэм и лэжьакIуэхэм. Гуфlэгъуэ щыхьэщхьэм хэта сабий псоми Тэфlыкlэкlэ яхуэупсащ.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэзанш Людмилэ

Зы унагъуэм хуэдэу

Щапхъэ

Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и гъэкъиГъэ зыхуэунэГІар республикэм махуэ хуэх къыщыхъу Іуэхугъуэхэр бзиящмкІэ (урысыбзэкІэ, адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ) телевизореплъхъэм я пащхьэ иГъэхьныри. 2004 гъэм дыдэм и гъэкъиГъэм зэкъуэкІыныгъэщІэхэр хагъэхьащ. Іыат хъыбарыщІэхэм я сюжетыр дакъикъитІым щІигъэкІуэ, гупсысэр зэгъэкІуэуэ, куращІэ нІуэ нкІи гурыІуэгъуэ, еплъхъэ яфІэгъэщІэгъуэ нкІи операторым триха теплъэгъуэхэм ахэр хуэкІуэ гъэзэжьыр.

РЕСПУБЛИКЭМ и Президентым Урысейпсо къэрал телерадиокомпаниэм и тхьэмадэ Добродеев Олег зыхуигъэза нэужь, 2011 гъэм КъБР-м и телевиденэм ныбжьыщІэхэр хуэзэу зы сыхьэт къратыжащ, художественно-тематикэ программэщІэхэр яГъэхъэзырыри пащІэ. Ильэсым кърубыдэу бзиящмкІи программэ гъэщІэгъуэн куэд телевизореплъхъэм я пащхьэ ирагъэхьи яхуэзэфІэкІащ. Псом хуэмыдэу гупсысэ нэхъыфІ зыхуащІ зэманыр къаэрэмэзщІэкІым къыхэкІыу Іэщіыб хъуа, дэхуэха художественнэ нэтынкъэ къэгъэщІэрэщІэжьынырц. ЕхъулІэныгъэфІщ, дауи, Іуэхущапіэм и гъэкъиГъэм нэтынныщІэу 40-м щІигъу яГъэхъэзыру ар телевизореплъхъэм я деж зэрынахьэсар. А программэхэр теухуауэ унэтІыныныгъэ псоми, Жыпіэнурыкъ, республикэм и гъащІэр лъэныкъуэ куэдкІэ къызэщІраГъэубыдащ. Ар итъэсым тебгуэшхэмэ, мыхъэнэшхуэ зиІэ дэкъыгъэкІ дыдэм,

2011 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэшхуэхэм ящыщІ «Черкешенки не умирают» фильмыр. Ар иджыблагъэ ящІэу утыку къыщІрахьащ Налшык и Къэрал концерт гъэпсэгъуапІэм. Фильмыр теухуауэ адыгэ лъэпкъым кьыхэла цыхубз щІэжащ, Франциэм и лЫхъуэ щІэ гъапІэр зыхуагъэфэща Хьэгъундокуэ Елмэсхан и гъащІэм, абы хэлъа лЫгъэшхуэм, хъэл-щэн дахэм. Фильмым и авторыр нкІи режиссерыр КъБР-м и телевиденэм щылажьэ, ВГИК-м и режиссер курсыр къэзыуха ЗекІуэрей Жансурэтщ. Франджым фильмыр щытехьныкмкІэ ДзэпыкІуэгъу къахуэхъуащ Хьэгъундокуэ Елмэсхан теухуа тхылъыр зи Іэдакъэщэхі Гимет де Сэрвиерэ Урысейм щэнхабзэмкІэ и аттащІуэ ящы хьщІэ Сокологорский Игоррэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м екъулІэныгъэфІхэр зыІэрагъэхьэ. Къащтэмэ, мы гъэм телевиденэмрэ радиомрэ я лэжьакІуэхэм яГъэхъэзыр программэ зыбжанэ Урысейпсо зэхьэзэхуэжьм Урысейпсо зэхьэзэхуэжьм пашэ щыхъуащ. Абыхъэм ящыщщ «Эфир занщІэм ущысибзэр фы дыдэу зыщыхуэгъэзыщІэрыу» зэпеуэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниэм итъэкІэ-зыр «У пщІэ нагъыщІэ» телевизионнэ пашэ зэрыщытхъуар. Иджыблагъэ Москва щекІуэкІа «Терроризмым обэныным теухуа теле-радио нэтынхэр» урысейпсо зэхьэзэхуэм Іпэ, У рыСей, «НТВ», «Рен ТВ» каналхэм я ІэпхъэщІрагъэубыдащ. Ар итъэсым тебгуэшхэмэ, мыхъэнэшхуэ зиІэ гъэкъиГъэфІ дыдэм,

2011 гъэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэшхуэхэм ящыщІ «Черкешенки не умирают» фильмыр. Ар иджыблагъэ ипэу утыку къыщІрахьащ Налшык и Къэрал концерт гъэпсэгъуапІэм. Фильмыр теухуауэ адыгэ лъэпкъым кьыхэла цыхубз щІэжащ, Франциэм и лЫхъуэ щІэ гъапІэр зыхуагъэфэща Хьэгъундокуэ ЕлмэсхъанІ и гъащІэм, абы хэлъа лЫгъэшхуэм, хъэл-щэн дахэм. Фильмым и авторыр нкІи режиссерыр КъБР-м и телевиденэм щылажьэ, ВГИК-м и режиссер курсыр къэзыуха ЗекІуэрей Жансурэтщ. Франдж фильмыр щытехьныкмкІэ ДзэпыкІуэгъу къахуэхъуащ Хьэгъундокуэ Елмэсхан теухуа тхылъыр зи Іэдакъэщэхі Гимет де Сэрвиерэ Урысейм щэнхабзэмкІэ и аттащІуэ ящы хьщІэ Сокологорский Игоррэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м екъулІэныгъэфІхэр зыІэрагъэхьэ. Къащтэмэ, мы гъэм телевиденэмрэ радиомрэ я лэжьакІуэхэм яГъэхъэзыр программэ зыбжанэ Урысейпсо зэхьэзэхуэжьм пашэ щыхъуащ. Абыхъэм ящыщщ «Эфир занщІэм ущысибзэр фы дыдэу зыщыхуэгъэзыщІэрыу» зэпеуэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниэм и гъащІэм ЛъэныкъуэкІэ къызэщІраГ

Адыгэ Республикэ

89

Дунэе нэфыр арегъэлъэгъужы

Щыфыр инсаутыгъэкIэ зыгорэм ыгъэгумэкIы хъунэ, врачыр ары апэу эрэкIуалIэрэр. Врачыр гущыIэгъу зэрафэхъурэм, нэпэхьат хэщIыкIэу фыриIэм ялытыгъ гумэкIыгъо зиIэм ишытетыщтыр. Хьут Фатимэ илъэс 22-рэ хьугъэу медицинэм иIофыщI, Адыгэ республикэ сымэджещым нэхэмкIэ имикрохирургие зыфIорэр иотделение ипащ. 2008-рэ илъэсым щыщIэзыгъэхэмкIэ кандидат диссертацие Москва къыщицгъэшъыпкъэжьыгъ. Зыльфыгъэ ишэч-гущыIэм иIофшIэн ыгу зэрэрихьырэр кьыхэшъу, сымаджэхэм шыырытэу алэгущыIэ. Нэм зэрильэгъурэм кьыкIимычыным пае нахьыбэу унаI зытебгъэтын фаер Хьут Фатимэ кьедгъэIутэ тыщоIыкIу тыгуфIыкIэ.

Хьут Фатимэ

- Фатим, медицинэр зэкIэми кьыхахьырэп. Таущтэу ар уищIэныгъэ щыщ хъугъа? -

Сянэжь сыдигъуи врач сыхъуным кIэхьопсыщтыгъэ. СищIыкIугъом кьыщегъэжьагъэу ащ сыфэщагъ. Тиунагъо врач кьыкIыгъэп. Сянэшым ишпашъхэм медсестра сэнэхьатыр медицинэ училищым щызэрагъэхъугъэ.

- Мафэ кьэс цIыф зэфэшъхьафэхэр кьышъокIуалIэх. Шъхьадж игумэкI зэфэдэп. ГущыIэ кьафэжьыгъотынырпсынкIэ?

- О дахэу кьыбдызекIонхэу узэрэфаем фэдэу, сымаджэм унаIэтебгъэтынэу щыт. Нэм фэмысакъыхэзэ хэужьыныхьагъэу «глаукома» зыфаIорэ узыр зиIэхэр кьытэкIуалIэх. Ахэм уадэгущыIэнкIэ нахь кьыин мэхъу. Цыфыр зыгъэгумэкIырэр кьызыхьагъэщыкIэ поликлиникэм сымаджэхэм ащыльэпльэх, яIазэх. Ушыый гущыIэхэр ятIоэз, ящыIэныгъэ ыпэкIэ зэралъагъэкIотэн фаер агурытэгъаIо. Тишуагъэ зэдгъэкIыльыкъуагъэр иIэхэп. Загъорэ кьыхэкIы ныбжьыкIэхэм зы ныдэныкъом зэримыльэгъужьырэм гу лъамытэу. Ахэр нахьыбэмкIэ тхэхэрэр арых. ЦIыкIу-цIыкIуэр нэм зэрилъэгъурэр кьеIыых, етIанэ иофынэр ымыдгъэгъужьы мэхъу. ОшIэ-дэмышIэу яIэу игъэгумэкIыхэ зыхьыкIэ сымэджещым кьэкIох. Шыоущыгъуэгъэгъэгъэ ирэ цIыфым нэм лъэшэу ынаIэ тырагъэтын фае. Ренэу заригъэуплъэкIынэу щыт. Ау ахэр зэкIэми агъэшырегъэп. ЛъэкIэ хирургием икабинет тIуI.ЧIыпIэ зэрэтфимыкъурэм кьыхэкIэу, ар щьоущыгъэу узым зыщеIэзэхэрэ Гупгэу МыекъуаIпэ дэтым тхьыгъэ. Глаукомэр хэмыужьыныхьэзэ тIэзэн амал тиI. Нэр зыщыригъаIыстхьажьэу Мурадэшевым имедицинэ Гупчэу Уфа дэтым психокорекцием иотделение иI.

Нэшъу хьугъэхэм Іофэ адашIэ . Ахэм екIолIэкIэ гъэнэфагъэ ящыкIагъ. ТIогъогогъо ащ сыщыIагъ. СшIогъэшIэгъонэу яIофшIэн сыльыпльагъ. Зымыльэгъуэхэрэр яIэпкъльэпкъэмкIэ пльэнхэу агъаезах. Апэрэ нэпльэгъужьмкIэ амыльэгъужьыгъэ къапшIэрэп. Ащ щыслъэгъугъэмрэ щызэхэсхыгъэмрэ сиофшIэн зыкъыщысфедэжьыщы. Сымаджэхэм екIолIакIэ кьафэсэгъоты.

- Лъэхъ ангу тызыхэтым техникэ зэмылIэужьыгъохэр кьыдэкIох. Мафэ кьэс копмьютерэм такIэлыырыс. Нэм зэрилъэгъурэм кьемыIыхьыным пае сыда цIыфым ышIэн фаер?

- Чыжьэу пльэмэ зымыльэгъуэхэрэр, «синдром сухого глаза» зыфаIорэр (изучением кьыхэкIы) кьызэгъэпэжьэ япчъагъэ хэхъо зэпыт. Благъэу зыгорэм уеплъы зыхьыкIэ нэм илыщхэр зэщэкъо. Ренэу упражнениехэр пшIыхэмэ дэгъу. Сыхьатрэ цIыфым Іофыщагъэмэ, такъикъыр 10 - 15-м кьыкIоцI ынэхэм заригъэсфынэу щыт. Чыжьэу упдзащт, щхьхантIэупчэм упльыщт. Ащ ишIуагъэкIэ нэм илыщхэм загъэпсэфы. - Джыдэдэм уцIэ зэгъу зэфэшъхьафэр рекламэмкIэ кьатых. Ахэм цыхьэ афэпшIымэ хъущта?

- Черникэр, лютеин зыхэлъ уцхэр цIыфым ищыкIагъэх нормэр ахэлъ.

НэмкIэ ишIуагъэ къэкIощт. Игъорыгъоэу ащ фэдэ препаратхэм яшъохэрэм нэм ыкIуцI ухъумагъэ мэхъу. Хэти ежь къекIуцIщы егъэунэфы, шюкъабыл хъумэ ишIуагъэ къэкIощт.

- Сыд фэдэ шхыныгъэхэр нэмкIэ Іэзэгъэхэр?

- Гъэжьыщъор зэкIэ нэмкIэ дэгъу. Болгар щыбжьыир, грейпфруктыр дзгъу дзд, икрар, щджьыер, щIур, кьэбыр, морковыр пшхынхэ фаех.

- Ныбжь зиIэхэр нэм ымыгъэгумэкIынхэм паекIэ сыда анаIэ зытырагъэтынэу щытыр?

- Врачым дэжь игъом кIонхэфаех. Препаратэу шъхьадж ищыкIагъэр зэфэшъхьаф. Ахэр врачым кьыиртыкIыщтых. Узыр игъом кьызыхэгъощыкIэ узэрелIаэзщтыри нахь ІэшIэхы мэхъу.

- Фатим, марэ сымэджещым агъэкIэжьы, Урысые программэм зыкIыдгъэлытагъэу илъэс зэкIэлъыкIохэм медицинэм ичужьеиныгъэ техникэхэмкIэ зэтыраГъэпсыхьагъох. Шъуиотделение кьыинэсыгъэу кьыщцэхьу.

- Сымэджещым гъэцэкIэжьын IофшIэнхэр зэрырашIылIэрэм тегъэгушIо. ЦIыфэу кьеIуалIэзэрэмкIи, ІофщызышIэхэрэмкIи гохьы. 2003-рэ илъэсым Америкэ фирмэу «Миллениум» зыфIорэм кьыдигъэкIыпэ аппаратыр зыштащэфыгъагъ. Ащ Іофэ рыгъэшI. Илъэс кьэс кIэ горэхэр кьежьхэу, хэужьыгъэ щыщ, Уфа тишIэныгъэхэм ащыхэтэгъахъо. Ткъош ресбулкэхэу Къэрэщэ-Щэрджэсым, Къэбэртэе-Бэлкъарым ащылэжьэхэрэм иIофышIэгъуэхэр аIокIэх, тызэхахьэх, тишIэныгъэхэмкIэ тызэдгъащIх. Мыекъуапэ кьызэIокIэхэм аппаратурэу тиIэхэр, отделениер зэрэзэтегъэпсыхьагъэр лъэпсэу агу рихьыгъэх. Сымэджещым иврач шъхьаIэу Кьэлэкъутэжьо Казбек лъэпсэу ишIуагъэ кьытегъэкIы. АщкIэ тхьаусхьэпсэу есIомэ сшIоигъу. Тызфэныкъо ишIэхъумэ хэкIыжьыпIэхэр кьытфегъотых.

- УиснэхьаткIэ щысэтехыпIэу хэта уиIагъэхэр?

- Галина Коваленкэр отделением изэхэщIн, игъэпсын пылыыгъ. Бэ ащкIэ ящIагъэр. Лилия Исаковам лъэпсэ сыфэраз. Ильэс зэкIэлъыкIохэм заведующэу отделением иIагъ. Ар кьызыгъафагьакIом микроскоп дэгъуэгъэ кьызфэдгъэфедэзэ операциехэр тшIынхэу едгъэшIагъэ. Іофэ сшIэнэу зесэгъэжьакIэм бэмэ сынаIэ атыгъэригъэздзагъ. Тызэдгъажьхэрэм упчIабэ эдзыхэтэфы. Врач ныбжьыкIабэ тиIэ хьугъэ. ТиIофшIэгъуэхэу нэмыкI кьалэхэм ащыIэхэм упчIэжьэгъу тафэхъу. Сымаджэхэм тишIуагъэ зэрядгъэкIыщтым тыпылъ.

- Операцие анахь кьинэу ишIыгъэмэ ягугъу кьэшIыгъэмэ дзгъугъэ.

- Операцие пэмрэ кьинэ ыкIи зэфэдэхэп. ЦIыфым уишIуагъэ зэрекIыгъэр кьапшIэу операциер дзгъудздзэу зызэшIобгъэкIыкIэ угу кьыдещае.

- Наукэмрэ медицинэмрэ лъэшэу зэпэхыгъэх. Кандидатскэ диссертацием итхьи, икъэгъэшIыпкъэжьыкIэ, ушIэныгъэхъущтым кIонэу ыгу кьэкIыгъэп. Сабыйхэм ахэкIыхэми ежьыри кIодыгъэ. Ригъаджэхэрэми кIэлэегъаджэ амыгъотынэу кьышIошIыгъ. КIэлэцIыкIуэм ренэу зикеуфIгъаагъ, сабыйхэр кьетэкъокIыгъэ. КIэлэцIыкIуэм узэрафыщытыр агукIэ кьашIэ, зэраIоэрэр тэрэз, якIэлэегъаджэ шIу аельэгъу. ЕджапIэм зэрэщалIыэтэрэмкIэ, Асиет инкласс хэр анахь дэгъуэхэм ащыщ, яшIэныгъэхэмкIи яIэдэбкIи адрэхэм кьахэущых.

Уахьтэм зэхъокIыныгъэ кьызыщдихыыгъэр бэ. Уахьтэ щыIагъ ынэмкIэ гъэцэкIэныр кьэзымышIыжьыр кIэлэегъаджэхэм кьаныгъуцуэу, кIэлэегъаджэм Іофадишlэжьэу. Ау ащ фэдэ Іофшlакlэр зыщымыlэжьыр бэшlагъэ. Зым илъфыгъэкIэ ащ фэдэ Іофшlэм тедзэ ышlэнэу щымытэу елъытэ, адрэр унэм кIожьыныщъ репетиторствэм пылъыщт, ящэнэрэм урокым щишlыргэр икьоу елъытэ. Ащ фэдэу ыпкIэ хэмыльэу Іофэ зышlэу къэнагъэр Асиет Мухтаровнар ары аIоу кьыхэхьIы. Ау кIэлэегъаджэм нэмыкIэу Іофэ ышlэн ылъэкIыщтэн. Ары зэрэгъагъэзарэгъэ, ары унагъэм зэрэщалIыгъэр.

Асиет Тэхъутэмыкъуаекъ анахь унэгъо Іофшlакlоу, анахь Іэдэбышхо зэрэлъым кьихъухьагъ. Ятэу Мыхьутар ойуай лэжьакIэ ариГъэIуагъ, а лъэхъаныр ар совхоз щэрыIоу Прикубанскэм механизаторэу Іофэ щишlагъ. Цыф шъырытэу, цыф хьалэлэу щытыгъ, тхьагъэщыгъэ-пщыысугъэ хэтныгъэп. Ильфырыгъэхэри ащ фэдэу хьугъэх. Ишъхьэгъусэу Хьалимэ зэрэ ежьыр-рэ пшъэшъитхьу щъэуи тIурэ эздагъотыгъ, эздаIпIугъ. ПIуныгъэм нахь фэгъэзэгъэ пшэн зэкIэми Іофшlэнэр шIу алъэгъоу, эздеIэжьхьэу. ЕпкIэ-пащпкIэжу ыпIугъэх. Ясабыйхэм апашъхьэ ягъуэнгъэуи, якъоджэгъуи, яхьыIлагъэу «ар сыдкIэ ВышIы» аIоу щаIуагъэп. Хэтрэ цIыфи дэгъуфэ хэлъэу, щьхьэкIафэ фэпшlыни тефэу агурагъэIуагъ.

Нахь зыкъыкIэзэIэтым, цIыфым ычIыпIэ зибгъэуцон, ащ игукъао кьыбгурыIон фаеу апIугъэ.

Пепэрэ щыIэныгъэу текIорэр ащкIыIоу, ежьытэрэр зыщыкIэрыгъэм Асиет нуиагъо пIуныгъэу щигъо-тыгъэр имыщыкIэгъэнкIи хъун зэмкIэ оIо, ау щыIэныгъэр сыдэ фэдэу зэхъокIыныгъэ хьугъэми, ащ уасэ щызиIэр нэмыкIыми, щыIакIэр къзыгъэдахэу, щыIэныгъэр ыпэкIэ ЛъэпсыгъэIуатэрэр Асиет фэдэхэр ары. Ащ фэдэхэр щымыIэхэу зэкIэри зэкъодзакIоу кьызызэкIаизэкIэ, уяпэ зэрэIоу, тунелым ыщыпэ нэфынэ кьычIэпсэжьыщтэп.

Асиет изы урокэу пIыкIгъуацIэм аз нэIуасэ зыщыфишIыгъэхэр сыгу кьэзкIыжьы. Сабыйхэу апэрэ классым кьэзкIуагъэхэм щыI, ау ны-тыхэм щепэ лъэIу тхыльхэр кьахьыс кьэкIорэгъэшм ясабыеу едгъапIэм кьэкIощтхэр Асиет инкласс щеджэнхэу зэрэфаехэр ихтагъэу. КIэлэегъаджэмкIэ ар зымыуасэ щыIэп.

«О Іофшlакlэу пшэкIэлъыр, опытэу уиIэр уиIэу, лъпкъ проектэу «Гъэсэныгъэ» зыфIорэм кьыдилъытэрэ зэнэкъокъум сыда узыкIыхэмылажьэрэр? СуI ущэгъэкIыжьыр зэрэщыщIэрэр конкурсыба, мафэ кьэс зэнэкъокъу». Ари щыIэныгъэкIи хъун, ау зыкъызгъэльэгъэнэу, пчэгум кьихьанэу фэмыем ар ныджэуапэу сэ сльытагъэ.

СИХЬУГощнагъ.

Гур - уафэмкIэ, Іэхэр - лэжьыгъэм

ГъащIэр купщафIэу, абы и дэтхэнэ зы махуэри Іуэхуфlэкlэ игъэнщIу, и къарумрэ акъылымрэ къикIыжьмкIэ ядрейхэм сэбэп ящуэхъуу дунейм тетыф щIыхум и насыпщ. Апхуэдэхэм я щапхъэ нэсу къэпльытэ хъунущ Даур Рэмэзан Жэкьфэр и къуэр.

АБы ущепсальэкIэ гу лъымытэу къанэркъым гъащIэм и купщIэ нэхъыщхьэр и лэжьыгъэр зэрыхилъагъуэр икIи жьыкъэ зэрыпльэфыр. Нэмысышхуэ зыхэлъ Рэмэзан и гъащIэ гъуэгуанэм щэщIауэ къыпэупчIэжьыгъэ. 1980-1982 гъэхэм а къэралыгъуэм щекIуэкIа зэрыхьэзырим хэтащ. Абдек Рэмэзан къыщигъэльэгъуащ ижь-жьыщ льандэрэ ди нэхъыщхьэм къадекIуэкI лЫхъужьыгъэмрэ ялы-гъэмрэ икIи абы кьыкъуэкIа хахуагъэм папщIэ Совет Союзым Рэмэзан кьыхуиГъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Афганистаным - Афганистан Демократическэ Республикэм и Лы-хъужьыи и Вагъуэр. ЩIалэм хамэ къэралым пщэрыльэ кьыщыухъэхуащ бАлигъэ унафэхэр кьикъыжу икIи гъакIуэкI олимпиадахэм ящыз-мыгIэу хэтащ, увыIэфIэхэр кьыщихьу. Черкесск къалэм дэт 9-нэ гимназиер къиуха нэужь, илъэситIкIэ дзэм кьулыкъу щищIащ икIи абы щыгъуэщ дунейпсо зэхуэдэныгъэ щыIэныгъэ зэрыщIэрэ щыщIар. Апхуэдэу инджылызыбзэр, пЕрсыбзэр, дарыбзэр иджян щIедзэ. Абы сыт щыгъуи фIэгъэщIэгъуэнт нэгъуэщI къэралхэм я щыIэкIэ-псэкIэр, щэнхабзэр, хабзэр.

«Уи гум ибубыдэр къохьулIэ» зэрыжаIэу, Рэмэзан и гуращэм нэсыну я насыпт къихьащ. Абы кьызэхимкIыжащ зэрыдунейр, и щалэгъуэм зыщIэхъуэпсу щыта хамэбзэхэр и адыгэбзэм хуэдэу зригъэщIащ, здэщымыщIа щIыпIэрэ зыхэмыта лъэпкъэу щыIэу кьыщIэкIынкъым. Къапцтэмэ, Урысей Федерацэм и тхыдэмрэ абы зэхъуэхIыныгъэу щекIуэкIамрэ и курыкупсэм хэтыну кьыхуэдэхуащ, пщэрылъ мытынышхэр игъэзащIэу, унафэ захуэхэр кьиухьу.

Илъэс 19-м зи ныбжьыр ИТ, езаиэ курсыр кьэзыуха студент ныбжьыщIэм лейтенант нэхъыщIэ щIэр кьыхуагъэфащэри, зэдзэкIакIэу Афганистан къэралым ягъэкIуащ ядэлэ-гъэмрэ икIи абы кьыкъуэкIа хахуагъэм папщIэ Совет Союзым Рэмэзан кьыхуиГъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Афганистаным - Афганистан Демократическэ Республикэм и Лы-хъужьыи и Вагъуэр. ЩIалэм хамэ къэралым пщэрылъ кьыщIыхуэхъуащ бАлигъэ унафэхэр кьикъыжу икIи гъакIуэкI олимпиадахэм ящыз-мыгIэу хэтащ, увыIэфIэхэр кьыщихьу. Черкесск къалэм дэт 9-нэ гимназиер къиуха нэужь, илъэситIкIэ дзэм кьулыкъу щищIащ икIи абы щыгъуэщ дунейпсо зэхуэдэныгъэ щыIэныгъэ зэрыщIэрэ щыщIар. Апхуэдэу инджылызыбзэр, пЕрсыбзэр, дарыбзэр иджян щIедзэ. Абы сыт щыгъуи фIэгъэщIэгъуэнт нэгъуэщI къэралхэм я щыIэкIэ-псэкIэр, щэнхабзэр, хабзэр.

«Уи гум ибубыдэр къохьулIэ» зэрыжаIэу, Рэмэзан и гуращэм нэсыну я насыпт къихьащ. Абы кьызэхимкIыжащ зэрыдунейр, и щалэгъуэм зыщIэхъуэпсу щыта хамэбзэхэр и адыгэбзэм хуэдэу зригъэщIащ, здэщымыщIа щIыпIэрэ зыхэмыта лъэпкъэу щыIэу кьыщIэкIынкъым. Къапцтэмэ, Урысей Федерацэм и тхыдэмрэ абы зэхъуэхIыныгъэу щекIуэкIамрэ и курыкупсэм хэтыну кьыхуэдэхуащ, пщэрылъ мытынышхэр игъэзащIэу, унафэ захуэхэр кьиухьу.

ЩIалэм хамэ къэралым ягъэкIуащ ядэлэгъэмрэ ялыгъэмрэ икIи абы кьыкъуэкIа хахуагъэм папщIэ Совет Союзым Рэмэзан кьыхуиГъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Афганистаным - Афганистан Демократическэ Республикэм и Лы-хъужьыи и Вагъуэр. ЩIалэм хамэ къэралым пщэрылъ кьыщIыхуэхъуащ бАлигъэ унафэхэр кьикъыжу икIи гъакIуэкI олимпиадахэм ящыз-мыгIэу хэтащ, увыIэфIэхэр кьыщихьу. Черкесск къалэм дэт 9-нэ гимназиер къиуха нэужь, илъэситIкIэ дзэм кьулыкъу щищIащ икIи абы щыгъуэщ дунейпсо зэхуэдэныгъэ щыIэныгъэ зэрыщIэрэ щыщIар. Апхуэдэу инджылызыбзэр, пЕрсыбзэр, дарыбзэр иджян щIедзэ. Абы сыт щыгъуи фIэгъэщIэгъуэнт нэгъуэщI къэралхэм я щыIэкIэ-псэкIэр, щэнхабзэр, хабзэр.

«Уи гум ибубыдэр къохьулIэ» зэрыжаIэу, Рэмэзан и гуращэм нэсыну я насыпт къихьащ. Абы кьызэхимкIыжащ зэрыдунейр, и щалэгъуэм зыщIэхъуэпсу щыта хамэбзэхэр и адыгэбзэм хуэдэу зригъэщIащ, здэщымыщIа щIыпIэрэ зыхэмыта лъэпкъэу щыIэу кьыщIэкIынкъым. Къапцтэмэ, Урысей Федерацэм и тхыдэмрэ абы зэхъуэхIыныгъэу щекIуэкIамрэ и курыкупсэм хэтыну кьыхуэдэхуащ, пщэрылъ мытынышхэр игъэзащIэу, унафэ захуэхэр кьиухьу.

Рэмэзан Афганистаным щыщыIам зригъэщIыхуэ унагъуэр ныбжьэгъу пщэ кьыхуэхъуауэ, илъэс бжыгъэ мэхъури зэрыгъэкIуэдэкым, зэкIэлъокIуэ, зэрольытэ. Щэч хэмылъу, ныбжьэгъугъэр илъэс 30-м щIигъэкIэ Іуэхуфlэкlэ зыщIыщIэ щауэхэмкIэ защIигъэкъуэну. 1980-1982 гъэхэм а къэралыгъуэм щекIуэкIа зэрыхьэзырим хэтащ. Абдек Рэмэзан кьыщигъэльэгъуащ ижь-жьыщ льандэрэ ди нэхъыщхьэм къадекIуэкI лЫхъужьыгъэмрэ ялы-гъэмрэ икIи абы кьыкъуэкIа хахуагъэм папщIэ Совет Союзым Рэмэзан кьыхуиГъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Афганистаным - Афганистан Демократическэ Республикэм и Лы-хъужьыи и Вагъуэр. ЩIалэм хамэ къэралым пщэрылъ кьыщIыхуэхъуащ бАлигъэ унафэхэр кьикъыжу икIи гъакIуэкI олимпиадахэм ящыз-мыгIэу хэтащ, увыIэфIэхэр кьыщихьу. Черкесск къалэм дэт 9-нэ гимназиер къиуха нэужь, илъэситIкIэ дзэм кьулыкъу щищIащ. Апхуэдэу инджылызыбзэр, пЕрсыбзэр, дарыбзэр иджян щIедзэ. Абы сыт щыгъуи фIэгъэщIэгъуэнт нэгъуэщI къэралхэм я щыIэкIэ-псэкIэр, щэнхабзэр, хабзэр.

«Уи гум ибубыдэр къохьулIэ» зэрыжаIэу, Рэмэзан и гуращэм нэсыну я насыпт къихьащ. Абы кьызэхимкIыжащ зэрыдунейр, и щалэгъуэм зыщIэхъуэпсу щыта хамэбзэхэр и адыгэбзэм хуэдэу зригъэщIащ, здэщымыщIа щIыпIэрэ зыхэмыта лъэпкъэу щыIэу кьыщIэкIынкъым. Къапцтэмэ, Урысей Федерацэм и тхыдэмрэ абы зэхъуэхIыныгъэу щекIуэкIамрэ и курыкупсэм хэтыну кьыхуэдэхуащ, пщэрылъ мытынышхэр игъэзащIэу, унафэ захуэхэр кьиухьу.

Илъэс 19-м зи ныбжьыр ИТ, езаиэ курсыр кьэзыуха студент ныбжьыщIэм лейтенант нэхъыщIэ щIэр кьыхуагъэфащэри, зэдзэкIакIэу Афганистан къэралым ягъэкI

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
Малъхъэдис

● Къеблагъэ, 2012 гъэ!



Гуапагъэмрэ ныбжьэгъуагъэмрэ щытопщэ

ТЕЛЪЫДЖЭ нэхъыбэкIэ дызыщыгугъ, гугъапIэщIэхэр зэтпх махуэшхэр - Илъэсыщ1эр - къэсащ. Мы гъэм абы и тепщэу къалъытэр Благъуэ Фlыщlэрщ. Къуэкlыпlэ махуэгъэпсым кьыхэщ адрей псэущъхэхэм къащъхьащыкlыу, благъуэр Іэрыльатэм щыщщ.

Къэбгъэльагъуэмэ, ар цlыхум кьулеигъэкlэ, гуапагъэкlэ, ныбжьыщхэкlэ хэуэпсэу кьалъытэ псэущхьащ. Ауэ абы кьикlыкъым кьыпТащыпх илъэсыр гуныкъуэгъуэншэу, фыгъуэм дыхэсу Благъуэм тхуэзтриублэну. Зэрыфщlэщи, абы и фэм зехьуэж, апхуэдэ дыдэуи, а псэущхьэр щыин хуэдэщ, ипэжьпIэкlи абы зии дрихьэлlакъым. Благъуэр цlыхуэхэм зэхуэмыдэу яхущытынущ, ауэ зыщщымыгъэгъупщэ абы тэмакъ хэлъу, ныбжьэлъу зэрыщытыр. Благъуэм и гъэм къалъхуахэрщ 2012 гъэм зи кlэн кьикlыну кьыщlэкlынур, адрейхэм елыТауэ абыхэм зыхуей псори зыlэрагъэхьэныкмкlэ Іэмал нэхъыбэ яlэнущ.

Благъуэм и гъэм къалъхуахэр

БЛАГЪУЭР зи дамыгъэ илъэсхэм къалъхуар ныбжьэгъугъэр зыльытэ, тыншу Іужу зыдэпщlэ, ущыхуейм и деж гугъуехьыншэу къэбгъуэт цlыхущ. Ар апхуэдизкlэ акъыл жанци, и насыпыр щlыблигъэкI куэдрэ къэхъуркъым. И чэнджэщхэмкlэ, и гупсысэхэмкlэ адрейхэм ядэгуэшэну сыт щыгъуи хьэзырщ. Гушыlэшхуэ хэмылъми, ар жьакlуэщ, дахэу мэпсалъэ. Жыджэрщ икlи бэшэчщ.

Благъуэм и дамыгъэм щlэту къалъхуахэм текlуныгъэр я натIащ. Апхуэдизи мылъкуцlэпIещ жьпIэкlэ ущыуэнукъым (Гетти Пол). Пашэу, куэдым япэ итыфу зэрыщыгъым кьыхэкlыу, ехьулlэныгъэфlэхэр зыlэрагъэхьэ, псом хэумыдэу хьыбарегъащlэ Іэнатlэхэм пыщlа кьулыкъум пэрытхэм. Кlэщlу жьпIэмэ, Благъуэм и дамыгъэм щlэту къалъхуахэм артист Іэщlагъэр кьыхахьми (Лоллобриджидэ Джинэ, Суэйзи Патрик), уэрэджыlакlуэ (Джонс Том, Леннон Джон, Доминго Пласидо), зауэлI (Жанна д' Арк), спортсмен (Пеле), дохутыр (Углов Федор), политик (Путин Владимир, Степашин Сергей, Тито Йосип Броз, Че Гевара) хъуми - дэнэ Іэнатlи ехьулlэныгъэ щlэныщ.

2012 гъэр кьыззригъэхьэн хуейр

Илъэс къэси хуэдэу, псом япэу зэгугъупхъэр Іэнэрщ. Благъуэм тепщlыхьмэ, ар хэплъыхь егъэлея зыимыщ1 псэущхьэщ, атlэми щыхуейм и деж и хьэлыр кьыгъэльэгъуэфу щытщи, арэзы зэрыпщlыным иужь итыпхьащ. Іэнэм лы куэду тельын хуейщ, гу лъытапхъэщ ахэр щыгъу-шыбжийкlэ зэгугъуэуэу щытын зэрыхуейм.

Благъуэм ныбжьэгъуэмэ, Благъуэм фlэфlщ хьым кьыхах ерыскъыхэкlхэр, лыр, пхъащхъэмыщхьэхэмрэ хадэхэкlхэмрэ. Іэнэкум мы гъэм ивгъуэвэн хуейщ бдзэжьейм е лым кьыхэщlыкlа шхыныгъуэ пщтыр, дахэу гъэщlэрэщlаеу. Апхуэдэуи илъэсищlэ Іэнэм тетыпхъэщ салат зэмыщхьхэр, абихэм я нэхъыщхьэр, дауи, «Оливье»-ращ.

Іэнэр хьэзыр хъуэ нэужь, унэм щlэсхэм зэрызагъэщlэрэщlэным ижь йохьэ. Мы гъэр Благъуэ Фlыщlэм и дамыгъэм щыщlэткlэ, щыгъынхэми нэхъ хъыхэхьыпхъэр фlыщlэращ, ауэ ар щlугъэнэхэмкlэ уи щlэрэщlэн хуейщ. Абы кьищынэмыщlэу, дыщдфэ, дыжьынфэ фэилъхьэгъуэхэм я чэзущ. Китайм ирагъэкlуэкI сыт хуэдэ махуэшхуэми хэтщ Благъуэр, абы и фащэр удыбфэу, е плъыжьыфэ-удзыфэу зэрыщытым кьыхэкlкlэ, илъэсищlэ пщыхьэщхьэм апхуэдэфэ щыгъынхэри кьеэзгъынущ.

Іуэрыlуатэм кьыззрыхэщыжьмкlэ, сыт Благъуэм ищlэу щытар? Хьугъуэфыгъуэхэр ихьумэрт. Мис ар и тегъэщlапIещ илъэсищlэ пшыхьым фи пщэхэм, Іэпщэхэм, Іэпхъуамбэхэм дыщэхэкI дахэхэр, мывэ лъапIэ зэрысхэр ифлъхьэн зэрыхуейм. Благъуэм сытым дежи фlэфlщ гуфlэгъуэ дауэдапщэхэр. Аращи, фэри фегугъун хуейщ гуфlэгъуэ пщыхьэщхьэр нэхъ нэгуэныжь зэрыфщыным. Макъамэ гуакIуэр, кьафэ зэмыщхьхэр, гушыlэр унэм щlэзу щытыпхъэщ.

Илъэсищlэ хъуэхъухэр

Илъэсыкъ едгъэжьэжым нэщlэбжьэу, гукъеуэу, гугъуехьу щыгъльэгъуахэр дызытехьэ илъэсыщlэм хуэдэ минкlэ нэхъ мащlэ хъуну!

* * *

Илъэсыщlэ кьытхуеблагъэм гъэжьым щыгъльэгъуа гуфlэгъуэхэр, гукъыдэжхэр, дэрэжэгъуэхэр, ехьулlэныгъэхэр, абы дыщызыхъущlэкъуа нэмысыр, щlыхугъэр, насыпыр, хабзэ дахэр, гу щабагъэр, гущlэгъулыгъэр, гукъабзагъэр, бзэlэфlыгъэр хуэдэ минкlэ щытгъэбэгъуэну.

* * *

Мы илъэсыщlэ дызыхьхьхьэм щыщlэдзауэ ди нэхъыжьыфlхэр жьыщхьэ махуэ хъуну!

* * *

Ди нэхъыщlэфlхэр фlыгъуэ натIэу псэуну!

* * *

ЩIалэхэр малъхъэфI хъуну!

* * *

Хъыджэбзхэр нысэфI хъуну!

* * *

Къуэхэр адэ-анэжкlэ хьэлэлу щытыну!

* * *

Пхъухэр адэ-анэжкlэ гу щабэу щытыну!

* * *

Зэщхьэгъусэ зэгурымыIуэ щымыIэжьыну!

* * *

Унагъуэ къэс я щlэгъэкъуэну зэшитху зэшхуэзэес къихъуэну!

* * *

А тхум я шыпхъуищыр щэныфlэ защlэрэ Іуэху щlэным хуэпабгъэу щытыну!

* * *

Адэ-анэхэм я щапхъэфlкlэ бын щыпкъэ ягъэсэну!

* * *

Бзылъхугъэхэм зыхыхьа лъэпкъыр ягъэбэгъуэну!

* * *

Лъэпкъыбзэр, хабзэр, тхыдэр, диныр, фащэр, щхьныгъуэ гуакIуэхэр кьэгъэщlэрэщlэжьным ди цlыху псори жыджэру хэтыну!

* * *

Ди нэхъыщlи ди нэхъыжьи я гур кьабзэу, я бзэр дахэу, зэгурыIуэу, зэдэIуэжу, зым Іэпхыр зым кьищтэжу, гуфlэ-тхъэжу дызэдэпсэну!

●Хъуэхъуэр

Журналист щlэрыIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и зэдзэкlакIуэ Іэнащ Анатолэ Мухьэдин и къуэр дызыхьхьэ 2012 гъэм щыщыIэм и 1-м илъэс 70 ирокъури, ди гуапэу докъуэхъу!

Ди нэхъыжьыфI, ди чэнджэщэгъу Іэнащ Анатолэ хъуэхъум я нэхъыфIыр, псалъэм я нэхъ гуапэр кьелджь и цlыхьу хэтыкlэрэ и Іужьущlафэкlэ. Абы дэт лъагъу хабзэмрэ нэмысымрэ, и зэпIэзэрыгагъыр нэхъыжьхэр зэрыгушхуэщ, нэхъыщlэкэм я дежкlэ щапхъэщ.

Пщlэ зыхуэтщl, фlыцlэ тлъагъу Анатолэ! Илъэс 70 ныбжь дахэр дэтхэнэри фlыгъуэкlэ зыщщигъуб Илъэсыщlэм и япэ махуэм уогъэльапIэри, хъужьуу ешынхужьаIэнур нахуапIэ хъуну ди гуапэщ. Іи Іэщlагъэм хуэIэижь журналист Іэзэу, зэдзэкlакIуэ Іэщыу, уи Іужьущlафэмкlэ щыгъхъу кьэблэжьу укъоIуэгурыкlуэри, уи зэфlэжьым кlэрымыхуу, уузыншэу, фlыгъуэу дунеим щызекIуэр хъоуаIэу упсэуну дынохъуэхъу. Убжьыфlэу, уи гур зэIухауэ дунейм утетщи, щlыхухэм уаззрыхуэупсэ гуапагъэ псори минкlэрэ бзэгъуэуэ кьыпхъкъуэжу, абы дзэрэжэгъуэ кьунту Тхьэм уигъпсэну. Уи хьыджэбзхэм я насыпымрэ ехьулIэныгъэмрэ, абыхэм я щlэблэм я зэфlэжьым ущыгуфlыкlыу, уригушхуэу уи унагъуэ дахэм куэдрэ ущlэхьщытыну ди гуапэщ!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэ жьакIуэжэр.

Налшык къалэ щыпсэу Лыхъужу Хьэулэт Нухь и пхъум и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъумкlэ докъуэхъу!

IУщыГЪЭРЭ акъылкlэ гъэнщlа илъэс бжыгъэ дахэ уогъэтъапIэри, дынохъуэхъу псоми я щхьэ узыншагъэр уи бэу, дэрэжэгъуэмрэ гурыфlыгъуэмрэ ущымыщlэу упсэну! Гъащlэм ущыгуфlыкlыу, жыдэкэру, жьыми щlэми задебгъэкIуу укьыгъэтщи, апхуэдэу уи гур зIухэрэ уи Іэнэгур берычэту, уи быным, абыхэм я щlэблэм я ехьулIэныгъэм уи пЪэр нэхъ жан ищlу, насыпрэ фlыгъуэкlэ уи дунейр гъэнщlауэ куэдрэ ди япэ унтыну ди гуапэщ! Анэ Іущабэм, анэшхуэ гумащlэм уи псалъэ Іущхэр ди гъуазэрэ уи гъащlэ гъуэгуанэр щlэщlыгъуэ, Іэфl пщызыщlын Іуэхугъуэхэхэкlэ дыпхъуэпсэфу дызытехьэ Илъэсыщlэр етхьэкlыну Тхьэм жиIэ!

Уи унагъуэр.

● Дэ къытхуатх

Гукъыдэжрэ хъеррэ

СИ ТХЫГЪЭМ и пэщlэдзэу Илъэсыщlэмкlэ сехъуэхъуну сыхуейщ адыгэзэкlэ кьыдэкI газет зыкъыхэм и лэжьакIуэ гупым. Узынщагъэ быдэ яIэу, я унагъуэм гурыфlыгъуэр щытепщэу, я Іэжьыгъэм гукъыдэжрэ хъеррэ кьариту я Іэнатlэм илъэс кущдкlэ пэрытыну си гупэщ.

Сэ куэд дэмыкIыу илъэс 80 сыхъунущ, Тхьэм жиIэмэ, ауэ си гъащlэ кIыхьым кьриубыдэу «Адыгэ псалъэ» газетыр иджы хуэдэу гурыхьу зэи щытауэ сщlэжьркъым. Псом хуэмыдэу абы зыщижьаР Хьэфlыщlэ Мухьэмэд редактор я хъыщхьэу ягъэува ноужьщ. ЂащlэІэ узынщ, ЂащlэІ купщlафlэ Тхьэм кьрит!

Мы газетыр зи унагъуэ имыхьэхэм сигу ящlогъу, куэд яфlокIуэд абыхэм. Мыбы кьыпехуэ тхыгъэхэр ЂащlэМ и лъэныкъуэ псоми лъюIэс. Апэм ещхьу иджы газет псоми Іэ пхутедзэркъым, абы ипкъ иткlэ, урысей газетхэм кьрахьыжа тхыгъэхэр зэрадзэкlыуРэ «Махуэкум» кьыззрытрадзэр щхьэпэщ. Муслъымэнагъым и купщlэр, абы теухуауэ щыIэ упщlэхэм я жэуапхэр зэхэхауэ кьытохуэ «Исламым и нур» напэкIуэцlым. Уасэ яIэкъым Хьэ Сэфарбий, Кьэрмокъуэ Мухьэмэд, Іэщхьакъуэ Анфисэ сымэ я тхыгъэхэм.

Фlыщlэ лей яхуэсщlыну сыхуейщ щэбэт кьэс кьыдэкI «Мухьэдисым» псалъэзэблэдзхэр хуэзыгъэхьэзыр Хуэрыш Нурхьэлийрэ Мыз Ахьмэдрэ. Сыту дэрэжэгъуэшхэ кьызитрэ а зэпэплlимэ цlыкlухэм ярыз щысщlым и деж. Фи лэжьыгъэм фытемызашэу, фыузынщэу куэдрэ цlыхухэм Тхьэм фахуэнрэ щlэщlэ.

«Адыгэ псалъэ» газетэм щылажьэ щlалэгъуалэ гупми, си къуэрылъху, газетым и сурэттех Кьарей Элини яхэту, фыжьыдэкIэру, газетыр щlэщыгъуэ зыщI хъыбар гуфlэгъуэ куэдкlэ вгъэщlэращlэу, зым Іэпхыхуэр зыщlкъыщтэжу, узынщагъэрэ дэрэжэгъуэрэ фиIэу «Адыгэ псалъэм» куэдрэ Тхьэм фыхунгъэлажьэ.

КЪАРЕЙ Розэ.

● Гъэщlэгъуэнщ

Ныбжьым емылъытауэ

Илъэси 8 фlэкlа щымыхъым Моцарт итхат и япэ сонатэхэмрэ симфониехэмрэ...

* * *

И ныбжьыр илъэс 17-м щитым Жанна д' Арк Орлеан хуит кьэзыщlыжа дзэм и Іэтащхьэу щытащ ...

* * *

«Руслан и Людмила» поэмэр тхыным и ужь щихьам Пушкин и ныбжьыр зэрыхъур илъэс 18 къудейт...

* * *

Васко да Гама и ныбжьыр илъэс 29-рэ щыхъум Индием кIуэ псыщхэ гъуэгур кьыззIуихауэ щытащ... Попов и ныбжьыр илъэс 39-м иту радиор къиргупсысащ...

* * *

Рахманиновыр илъэс 19 хъуэ зэхилъхьауэ щытащ «Алеко» оперэр...

* * *

Канар хытIыгуэм къэхутэныгъэ щыщыригъэкIуэкIым Миклухо-Маклай зэрыхъур илъэс 20-т...

ГушыIэ–псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3.** Колхоз лэгъунэжьым Іэщэшхьха жьлыр абы ихьауэ трелькъэ. Уэ улIщ мэлыхьуэм зи гугъу ищlыр кьэгъуэтыфи. Кьэбгъуэтыпэми, кьыбжиIэнуIа? **5.** КьулыкъуфI уныну щlэнэщl ягьынькъуэхэм а Іанэтlэр зыIэрагъэхьэн папщlэ щыхъэтыншэу ят ахьшэ. **6.** Хрущев РСФСР-м кьыгуихьэжьу, я унагъуэ зэхэт кьыпич хуэщlэ, кьыгуилъэфу Украинэм тыгъэ хуищlа щыналъэ тельыджэ, СССР-м и гъэмахуэ курорт нэхъыфI дыдэу щыта. **7.** Ахьшэ, мыльку хуэныкьуэу жаIэу тхьэусхьэр куэдщ. Ауэ абы хуэныкьуэу зыми жиIэркъым, апхуэдэ щыхур куэдыкIейми. **10.** УкIытэ зыхэлъыр машIэу кьыщlэхуэмэ, и нэгур апх уэдэу мэхъу, ау э зи напэм кьэнжкlа тебзам ейм зы мэскъалкlи зихьуэжьыркъым. **12.** Пщий фIыуэ пльыгъуэ пшыгъну унту кьыкъьамэ, кьэпщэхуну бэзэрым темыльынкlэ хъунщ. Абы щыгъуэм сыт кьыпхуэнэжьыр? Мэзым укIуэ ар кьызыпыкlэ хуэныкьуэр (сыт абы зэреджэр?) кьэбгъуэтын хуейуэ арщ. **14.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкlэ, апхуэдэ анэжькlыльху нэхьрэ ныбжьэгъуфI уиIэныр Іэжьжькlэ нэхь щхьэпэщ. **15.** Ар вы бжьакъуэм и зэранкlэ хъэхъункlэ мэхъу. **17.** Шынэ, укIытэ зыхуэпIэр имыщlэу, унэм кьыщlольатэри, ди щlымахуэ щыгъын хуэдэхэр ныкъуэшх хIеIщl. **18** Таурыхъэм дызэрыщрихьэлIэм тепщlыхьмэ, узижагъуэну цlыхубз хьилэшыщ. Аущ а жьыхуэтIэм нэхьрэ нэхь хьилэшыжу кьыщlэкlащ абы еБзэджэкlыфа Шыкьумцlий. **19.** Зауэ нэужьым а хьеуан тхьэмыщlэм и фэм ирахар сыт хуэдиз, щы яхурымы-кьумрэ трактор щымыIэмрэ я кьалэн игъэзащlэ у. **20.** Адэ тхьэмыщlкlэр гу быдэу яБжьри, дэм хуагъадэ, анэр зыхуагъадзэр араш. **23.** УкъэсыкъэджамэУ, ар кьэпщэхуу зыбгъэхьужьи хуейуэ пхуатх дохутырхэм. Ауэ и уасэр зыхуэдизыр кьэпща нэужь, уи узыр узитI пхуэкъу. **24.** И фэнэ фlыщlэрэ-фlыщlэ у, зи шырыр зыфlэдыгъэ кьуалэбзу. **29** Языныкьуэхэм я псэм хуэдэу яльагъу фадэхэкlэ. Ар яIэмэ, ади, ани, быни хуэмеижьыр гьунэжщ. **30.** Фlыгъуэмрэ берычэтымрэ щимыгъэщlэну жеIэри цlыхубзмIэ зых урегъэIэт, апхуэдизу зыхущlэжьу тхьапIэр кьыбзыкъа нэужь, щыгъупщэх мэхъури, жиIауэ хьуар хьэршым хокIуэдэж. **34.** «Урысей зэкъуэт» партым и дамыгъэ зэхэзекъуэжкlэ тхьэбыщlэжь. **35.** Бжьыгъуэ. **36** Ар ирихьэлIэу, ар шырыр зыфlэдыгъэ кьуалэбзу. **29** Языныкьуэхэм я псэм хуэдэу яльагъу фадэхэкlэ. Ар яIэмэ, ади, ани, быни хуэмеижьыр гьунэжщ. **30.** Фlыгъуэмрэ берычэтымрэ щимыгъэщlэну жеIэри цlыхубзмIэ зых урегъэIэт, апхуэдизу зыхущlэжьу тхьапIэр кьыбзыкъа нэужь, щыгъупщэх мэхъури, жиIауэ хьуар хьэршым хокIуэдэж. **34.** «Урысей зэкъуэт» партым и дамыгъэ зэхэзекъуэжкlэ тхьэбыщlэжь. **35.** Бжьыгъуэ. **36** Сэтэнейр. Псэльамэ, гуащхэм ящlыщ куэдым ар я пхъум хуэдэу яльатIуэ жаIэ, уакIэльатIльыжамэ... дж1эдумрэ дзыгъ уэмрэ ху1эдэщ а тIум я зэхущытыкlэр. **37.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкlэ, апхуэдэр хьэсэгъу умыщlмэ, нэхь уи фейдэщ. **38.** Нэхьапэхэм щlалэ фызкъэмышэхэм пщащэхэр кьыдахьэхырт я щlэныгъэкlэ, я акъылкlэ, я гуэлъыр щаIуэтэ уэсэ, е гухэль псалъэ дахэ зэрыт тхыльымпIэ кIапэ хуагъэхьурэ. Иджы апхуэдэ лъэпкъ пхыкIыжьинукъым. Укъулейрэ унэ зэ1ет, хамэ кьэрал щащlа машинэ зыкьызыхуиIэмэ, кьулыкъуфI е уэ, е уи адэм фиIэмэ, хьыджэбзым и гум ... кьыхуэбгъуэтауэ бжы.

Къехьу: **1.** И щlасэхэм яэ1ту зигъэпщу. Іутlыж Борис и жьIауэ, алиментклIэ зыми кьыхигъэзыхьыркъым. Апхуэдэ уи пщlантlэ дэту пщэдджьажьмы уэхжеенукъым. **2.** Нэхьапэм зэкlэлъыкIуэ, хьэлу Іыхьэр тIууэ зэпащlыкIыу, зэхуэIэфIу щыта унагъуэ зэгъунэгъу гуп. **4.** Апхуэдизкlэ псэльъэкъым зэрыжиIэмкlэ, апхуэдэр хьэсэгъу умыщlмэ, нэхь уи фейдэщ. **38.** Нэхьапэхэм щlалэ фызкъэмышэхэм пщащэхэр кьыдахьэхырт я щlэныгъэкlэ, я акъылкlэ, я гуэлъыр щаIуэтэ уэсэ, е гухэль псалъэ дахэ зэрыт тхыльымпIэ кIапэ хуагъэхьурэ. Иджы апхуэдэ лъэпкъ пхыкIыжьинукъым. Укъулейрэ унэ зэ1ет, хамэ кьэрал щащlа машинэ зыкьызыхуиIэмэ, кьулыкъуфI е уэ, е уи адэм фиIэмэ, хьыджэбзым и гум ... кьыхуэбгъуэтауэ бжы.

Къехьу: **1.** И щlасэхэм яэ1ту зигъэпщу. Іутlыж Борис и жьIауэ, алиментклIэ зыми кьыхигъэзыхьыркъым. Апхуэдэ уи пщlантlэ дэту пщэдджьажьмы уэхжеенукъым. **2.** Нэхьапэм зэкlэлъыкIуэ, хьэлу Іыхьэр тIууэ зэпащlыкIыу, зэхуэIэфIу щыта унагъуэ зэгъунэгъу гуп. **4.** Апхуэдизкlэ псэльъэкъым зэрыжиIэмкlэ, апхуэдэр хьэсэгъу умыщlмэ, нэхь уи фейдэщ. **38.** Нэхьапэхэм щlалэ фызкъэмышэхэм пщащэхэр кьыдахьэхырт я щlэныгъэкlэ, я акъылкlэ, я гуэлъыр щаIуэтэ уэсэ, е гухэль псалъэ дахэ зэрыт тхыльымпIэ кIапэ хуагъэхьурэ. Иджы апхуэдэ лъэпкъ пхыкIыжьинукъым. Укъулейрэ унэ зэ1ет, хамэ кьэрал щащlа машинэ зыкьызыхуиIэмэ, кьулыкъуфI е уэ, е уи адэм фиIэмэ, хьыджэбзым и гум ... кьыхуэбгъуэтауэ бжы.

Къехьу: **1.** И щlасэхэм яэ1ту зигъэпщу. Іутlыж Борис и жьIауэ, алиментклIэ зыми кьыхигъэзыхьыркъым. Апхуэдэ уи пщlантlэ дэту пщэдджьажьмы уэхжеенукъым. **2.** Нэхьапэм зэкlэлъыкIуэ, хьэлу Іыхьэр тIууэ зэпащlыкIыу, зэхуэIэфIу щыта унагъуэ зэгъунэгъу гуп. **4.** Апхуэдизкlэ псэльъэкъым зэрыжиIэмкlэ, апхуэдэр хьэсэгъу умыщlмэ, нэхь уи фейдэщ. **38.** Нэхьапэхэм щlалэ фызкъэмышэхэм пщащэхэр кьыдахьэхырт я щlэныгъэкlэ, я акъылкlэ, я гуэлъыр щаIуэтэ уэсэ, е гухэль псалъэ дахэ зэрыт тхыльымпIэ кIапэ хуагъэхьурэ. Иджы апхуэдэ лъэпкъ пхыкIыжьинукъым. Укъулейрэ унэ зэ1ет, хамэ кьэрал щащlа машинэ зыкьызыхуиIэмэ, кьулыкъуфI е уэ, е уи адэм фиIэмэ, хьыджэбзым и гум ... кьыхуэбгъуэтауэ бжы.

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16 17 18 19 20 21 22 23 24 25 26 27 28 29 30 31 32 33 34 35 36 37 38

ХЪЭМЫКЪУЭ Марие

Псей щхъуантIэ

Псей щхъуантIэр мэзым хуиту щокI,
Езыр-езыру ар кьытхуокI.
ЖыгщIэжу щыIэм ходахыкI,
Іущ цlыкIущ а жыгыр, куэдыр лъокI.

И лъэкIыныгъэм щыщщ
щхъуантIагъэр -
Гъэр икlыхункlэ ар дахащэщ.
Мэз жыгыу щыIэм я щIэращIэр
Аращ утыкум щlитыр гуащэу.

Укъуэдиящи къудамэбэр,
Къуалэбзу дамэхэу ещэщI.

Тlэкlу пхъашэщ, памцIэщ и мастэпэр,
Ухэмысакъым зэу къещlэнщ.

И гур хэбгъэщIым, псэужьфкъым,
УгурыIуэнущ, уедэхащIэм.
И псэр джыдэшхуэкlэ
хьымыхьыу,
Зыдэхьи хэщlэ лъабжьэр щIыгъуу.

Илъэс къэсыхукlэ нэхъ зищэщIу,
Сабийхэм щIыгъуу ари хохъуэ.
Да гур егъэфlыр Илъэсыщlэм,
ЩIэращIэу, кьытхуоупсэ хъуэхъукlэ.

Напэкlуэщlыр
зыгъэхьэзырар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Ди газетым и къыкIэтхьыкIуэ номерыр къыщыдэкlынур щlышыIэм и 11-рщ.

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФlЫЩlЭ Мухьэмэд *("Адыгэ псалъэ")*
ДЕРБЭ Тимур *("Адыгэ макъ")*
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Умыкьуэ *("Черкес хэку")*

ДИ ХЭЩlАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цlэкlэ щыIэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и цlэкlэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.
№ Н-0065
Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэ т 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 23.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.553
Заказ №4230